

Gid pou Pasaje Plannifye Davans

Sèvis ki pral
Sispann nan
Liy Oranj ak Liy Vèt
Mwa Out - Septanm 2022



Pou Bati yon pi bon T.





Gid pou Pasaje Plannifye Davans Tabdèmatyè



Pou Bati yon pi bon T.

- 3** Pou Bati yon pi bon T.
- 4** Sèvis ki pral Fèmen
- 5** Kòmanse Gwo Travay Revitalizasyon sou Liy Oranj lan
- 6** Ede Fasilitè Ouvèti Sezon Otòn '22 sou FLX Medford Branch
- 7** Plannifikasyon Davans
- 8** Navigasyon ak Asistans sou Sit la
- 9** Altènativ pou Transpò (Apèsi)
- 10** Opsyon Altènativ pou Transpò (dapre Estasyon)
- 11** Opsyon Altènativ pou Transpò (Aksesibilite)
- 12** Altènativ pou Transpò nan Tren Pasaje
- 13** Ogmantasyon nan Sèvis Tren Pasaje
- 14** Orè Transpò Forest Hills - Ruggles - Back Bay - pou ale nan South Station
- 15** Orè Transpò Haverhill pou ale nan North Station
- 16** Rete Konnekte



MBTA ap Bati yon pi bon T


MBTA ap modènize Liy Oranj transpò rapid ki gen 120 an li a, nan sèvis kominote Malden, Medford, Somerville, ak Boston yo.

Lè travay sa a fini, li pral pote bay pasaje Liy Oranj yo pi bon sèvis anjenneral, ak deplasman pi rapid, ak sèvis yo ka fè plis konfyans.

Pwolongasyon Liy Vèt la pral pèmèt li soti depi Lechmere nan East Cambridge pou rive nan Union Square nan Somerville.

T a pral fini dènye etap konstriksyon ki nesesè a pou ouvri Medford Branch, ki ta dwe kapab kòmanse sèvi nan sezon otòn 2022 a. Divèsyon an nesesè tou pou pèmèt kontraktè ki responsab pou demoli ak rebati garaj Convernment Center la kontinye fè travay la.

MBTA ap fè tout sa li kapab pou travay avèk Vil Boston an ak tout patnè minisipal nou yo, pou bay pasaje nou yo opsyon altènativ pou transpò pandan chanjman nan sèvis ki pral fèt yo. ***Gid pou Pasaje Plannifye Davans Ian*** se yon zouti k ap ba ou opsyon ak enfòmasyon ou bezwen pou deplasman ou, pandan MBTA ap kontinye Bati yon pi bon T.



Pou Bati yon pi bon T. 



Sèvis ki pral Fèmen

Sèvis ki pral fèmen sa yo pral pèmèt akselere travay yo, pou fè T a bay plis sekrite, ak sèvis pi rapid, ak bay pasaje yo plis konfyans.



Sèvis k ap Fèmen nan Liy Oranj lan

- MBTA gen entansyon **fèmen tout sèvis Liy Oranj lan depi Oak Grove jiska Forest Hills** kòmanse nan dat vandredi 19 out 2022 a 9:00 pm, jiska dimanch 18 septanm.
- Fèmti sèvis yo pral pèmèt rezoud reta nan mentnans ak envestisman ki prevwa pou konstriksyon, paske tout bagay sa yo anrapò avèk amelyore sekirite ak mete sistèm lan pi pre yon eta bon reparasyon. Fèmti pwolonje nan aksè konplè sa a pral pote bay pasaje Liy Oranj yo pi bon sèvis anjenneral, ak deplasman pi rapid, ak sèvis yo ka fè plis konfyans.



Sèvis k ap Fèmen nan Liy Vèt lan

(Union Sq. Branch)

- Kòmanse nan dat lendi 22 out jiska dimanch 18 septanm, **sèvis pral sispann sou Liy Vèt la ant Government Center ak Union Square** pou pèmèt T a reyalize dènye etap nan travay konstriksyon ki nesesè pou pèmèt ouvri Medford Branch, ki ta dwe ouvri nòmalmnan nan sezon otòn 2022 a.
- Divèsyon sa a nesesè tou pou pèmèt kontraktè ki responsab pou demoli ak rebati garaj Government Center la kontinye fè travay la.



Pou Bati yon pi bon T.





Kòmanse Gwo Travay Revitalizasyon sou Liy Oranj lan

Fèmti Liy Oranj lan pral pèmèt nou reyalize travay reparasyon ak modènizasyon ki plannifye yo.



Travay nan Liy Oranj lan

Trant jou aksè pou 24 èdtan pral bay menm rezulta avèk **plis pase senk an** divèsyon pou travay nan nwit ak nan wikenn sou Liy Oranj lan, pou reyalize reparasyon ak modènizasyon.

- Reparasyon ray tren pou elimine zòn ralantisman kritik nan Jackson Square, Back Bay, Tufts, ak Haymarket
- Reyalizasyon pwojè travay pou Menthans Wout k ap pèmèt ranplase siyal, ekipman elektrik, ray, konneksyon ak balast pou mete sistèm lan nan yon eta bon reparasyon ki avanse
- Ranplase 3 500 pye ray tren nan Wellington Yard
- Ranplase kwazman pou facilite deplasman tren, epi amelyore konfyans pasaje ak kapasite pou pi ta
- Repare vwa espesyal pou amelyore konfyans pasaje nan Southwest Corridor
- Enstale yon sistèm siyalizasyon modèn nan Oak Grove ak Malden pou amelyore sekirite ak konfyans pasaje



Pou Bati yon pi bon T. 



Ede Fasilitè Ouvèti Sezon Otòn '22 sou FLX Medford Branch


Sispansyon sèvis nan Union Square Branch lan pèmèt reyalize dènye etap travay konstriksyon nan Medford Branch yo



Travay nan Liy Vèt la

Sispansyon sèvis nan Liy Vèt la (ant Union Square ak Government Center) pral pèmèt MBTA fasilitè ouvèti Medford Branch ak reyalize dènye etap travay konstriksyon an.

- Ajiste fil elektrik ki pase anlè vyadik East Cambridge la pral elimine yon restriksyon vitès tanporè 10 mil alè, epi sa pral pèmèt tranmwe yo sikile nan vitès nòmal 25 mil alè a tout tan
- Dènye tès ak entegrasyon transfè ray, fil elektrik, ekipman pou siyal, ak komunikasyon nimerik ant Liy Vèt ki pase kounye a nan UnionSquare Branch, ak Medford Branch ki pral kòmanse sèvi anvan lontan an, avèk Sant Kontwòl Operasyon MBTA a
- Enstalasyon dènye pwoteksyon kont bwi ki rete yo arebò Union Square Branch ak lòt atik ki pa gen gwo enpòtans arebò Medford Branch



Pou Bati yon pi bon T. 




Plannifikasyon Davans



Liy Oranj (ant Oak Grove ak Forest Hills) – depi 19 out a 9pm, jiska 18 septanm

Pandan Liy Oranj lan fèmen, MBTA ap ankouraje moun ki kapab pou yo travay lakay yo,
epi pou moun ki bezwen transpò yo gade si yo ka jwenn lòt opsyon.



Liy Vèt (ant Union Square ak Government Center) – depi 22 out, jiska 18 septanm

Pandan Liy Vèt la fèmen, pasaje k ap deplase ant Government Center ak Union Square pral pran plas gratis nan navèt otobis ki fasil pou jwenn, k ap fè eskal nan estasyon Lechmere ak bouch otobis Lechmere la.





Navigasyon ak Asistans sou Sit la



Siyalizasyon nan Sit la pral genyen :

- Siyal pou direksyon nan estasyon (nan tout estasyon kote yo fè travay yo)
- Pral genyen siyal drapo ki vizib anpil, pou make tout kote pou moun pran otobis nan chak estasyon pandan tout 30 jou divèsyon pou pasaje yo



Pral genyen anbasadè tranzit tou, pou ede pasaje yo :

- N ap mete plis moun nan sèvis Anbasadè Tranzit la, nan nivo lari nan estasyon OL yo pandan tout peryòd fèmti a



Zouti MBTA pou Plannifikasyon Transpò

- Pou ede nan deplasman pèsonnèl ak nan idantifikasiyon pi bon wout pou ale yon kote, pasaje yo ka gade zouti Plannifikasyon Transpò MBTA anliy la : MBTA.com/trip-planner



Pou Bati yon pi bon T. 



Altènativ nan Opsyon Transpò pou Pasaje Liy Oranj yo (Apèsi)

Opsyon Avanse pou Transpò nan Tren

- Konsèy pou pasaje k ap deplase anba lavil yo, se sèvi avèk [Tren pou deplasman lokal \[Commuter Rail\]](#)
- Sèl sa yon pasaje gen pou fè, se montre chofè a CharlieCard oswa CharlieTicket li pou monte abò Tren Pasaje nan Zòn 1A, 1, ak 2 sou TOUT liy Tren Pasaje yo san peye.

Metwo

- [Branch E nan Liy Vèt](#)

Navèt (pasaje yo mèt pran nenpòt ki navèt)

- Navèt otobis gratis ant Oak Grove ak Haymarket, Government Center
- Navèt otobis gratis ant Forest Hills ak Back Bay, Copley
- Ap gen kamyonnèt tou pou moun ki mande

THE RIDE

- Avèk sèvis navèt otobis gratis la, deplasman RIDE ki kòmanse ak fini nan yon distans 3/4 mil avèk Liy Oranj lan ap gratis pou pasaje RIDE yo pandan peryòd fèmti 30 jou a.

Altènativ pou Wout Otobis sou Liy Oranj lan

- [Liy Ajan nimewo 4](#) ak [Line Ajan nimewo 5](#) - ki gen ladan yo sèvis otobis T siplemantè pou transpò ki pase pi souvan ak pou plis kapasite
- [Wout 39](#) otobis, sèvis pou Forest Hills – Back Bay Station
- [CT2](#) otobis, sèvis pou Sullivan Square – Ruggles Station
- [Wout 92](#) ak [Route 93](#), sèvis pou Sullivan Square – Downtown Crossing
- [Wout 43](#), sèvis pou Ruggles – Park St.

Bluebikes

- Sistèm pou pataje bisiklèt ki rele [Bluebikes](#) la pèmèt pataje bisiklèt ant estasyon ki nan tout zòn metropoliten Boston an.
- Remak : Vil Boston an pral ofri lesepase Bluebikes gratis pandan 30 jou, pou ede moun nan altènativ pou transpò pandan tan sa a.
- Pou jwenn estasyon bisiklèt ki pi pre a, sèvi avèk [System Map Tool](#) (Zouti pou Sistèm Katografik) "Find a Bike" nan Bluebikes la.
<https://member.bluebikes.com/map/>

Zouti MBTA pou Plannifikasyon Transpò

- Pou ede nan deplasman pèsonnèl ak nan idantifikasiyon pi bon wout pou ale yon kote, pasaje yo ka gade zouti Plannifikasyon Transpò MBTA anliy la : [MBTA.com/trip-planner](#)

Altènativ nan Opsyon Transpò pou Pasaje Liy Oranj yo (dapre Estasyon an)

ESTASYON	Commuter Rail (Tren pou Deplasman Lokal) 	Shuttle Bus (Navèt Otobis) 	Shuttle Van (Navèt Kamyonnèt) 	Lòt repons
Forest Hills	✓	✓	✓	Otobis nimewo 39
Green Street		✓	✓	Otobis nimewo 39 (pase nan Centre St.)
Stony Brook		✓	✓	Otobis nimewo 39 (pase nan Huntington Avenue)
Jackson Square		✓	✓	
Roxbury Crossing		✓	✓	
Ruggles	✓	✓	✓	Liy Vèt E Otobis nimewo 39 (pase nan Huntington Ave.) CT2
Massachusetts Avenue		✓	✓	Liy Vèt E (@ Symphony)
Back Bay	✓	✓	✓	Liy Vèt (@ Copley) Otobis nimewo 39
Tufts Medical Center			✓	Liy Ajan nimewo 4 ak 5 (avèk otobis siplemantè yo)
Chinatown			✓	Liy Vèt (@Bolyston) Liy Ajan nimewo 4 ak 5 (avèk otobis siplemantè yo)
Downtown Crossing			✓	Liy Vèt (@Park) Liy Ajan nimewo 4 ak 5 (avèk otobis siplemantè yo)
State			✓	Liy Ble (1 blòk distans avèk Government Center)
Haymarket		✓	✓	
North Station	✓	✓	✓	
Community College		✓	✓	
Sullivan Square		✓	✓	Otobis nimewo 92 Otobis nimewo 93 Bus CT2
Assembly		✓	✓	
Wellington		✓	✓	
Malden Center	✓	✓	✓	
Oak Grove	✓	✓	✓	



Altènativ nan Opsyon Transpò pou Pasaje Liy Oranj yo (Aksesiblité)

Ki Kalite Navèt

- Tout navèt yo pral aksesib, epi kontra yo tout oblige yo satisfè estanda aksesiblité USDOT (Depatman Transpò Etazini) yo.
- Menm si kèk otobis ki gen planche ba, avèk ranp devan otobis la, pral sèvi, pifò ladan yo se otobis ki gen planche wo avèk platfòm pou fotèy woulan dèyè otobis la.
- Remak: **Si yon moun mande**, ap genyen kamyonnèt aksesib, pou pasaje ki pito yo pou rezon sa a.

Kamyonnèt Aksesib

- Ap genyen 20 kamyonnèt aksesib pou moun ki sou fotèy woulan, kòm sipleman pou altènativ nan sèvis otobis.
- Kamyonnèt yo ap yon konbinezon veyikil ki gen ranp ak veyikil ki gen platfòm elevatè, epi yo pral estasyonnen yo nan estasyon Liy Oranj oswa toupre yo. N ap repete sa, nenpòt pasaje ki pito transpò nan kamyonnèt aksesib yo kapab mande sa.

Règleman Aksesiblité

- Anplwaye MBTA ak Yankee yo genyen pou yo aksepte tout demann rezonnab pou asistans, tankou gide moun pou ale / tounen nan navèt ak estasyon yo, ak jwenn yon plas nan yon veyikil, oswa mande pou kamyonnèt aksesib, elatriye... Bèt ki ede moun andikape yo aksepte nan tout otobis ak kamyonnèt navèt yo pandan tout peryòd sèvis yo.

Pèsonnèl Asistans sou Teren an

- Pral genyen **Anbasadè Tranzit** ak lòt **pèsonnèl T** ki pral la, devan chak estasyon nan Liy Oranj lan pou ede pasaje yo.

THE RIDE

- The RIDE** ap kontinye la pou ede tout moun ki gen yon andikap ki anpeche yo pran wout nòmal la. Avèk sèvis otobis navèt gratis la, deplasman RIDE ki kòmanse ak fini nan yon distans 3/4 mil avèk Liy Oranj lan ap gratis pou pasaje RIDE yo pandan peryòd fèmti 30 jou a.
- Pou pran randevou pou THE RIDE, rele nan nimewo 844-427-7433 (MA Relay 711). Pou plis enfòmasyon, ak pou fè aplikasyon pou sèvis la, ou mèt kontakte Sant pou Mobilite a (Mobility Center) nan nimewo 617-337-2727 (MA Relay 711). Sa pran ant 1 ak 3 semenn pou rive nan yon desizyon sou kalifikasyon yon moun, apre moun lan fè aplikasyon, ak entèvyou, epi pou pwosedi evalyasyon an.

Èske ou vle Poze Kesyon oswa Fè Rapò pou yon Pwoblèm ?

- Pou poze kesyon oswa pote plent sou kesyon divèsyon sa a, oubyen pou mande yon aranjman rezonnab, kontakte Sèvis Kliyantèl la (Customer Support Center) nan nimmewo telefòn 617-222-3200 (MA Relay 711), oubyen voye yon **fòmilè plent kliyan anliy**.
- Si ou gen kesyon ki anrapò avèk nenpòt nan konsiderasyon aksesiblité ki nonmen nan mesaj sa a, ou mèt kontakte Depatman Aksesiblité pou Tout Sistèm lan (Department of System-Wide Accessibility) dirèk nan adres swa@mbta.com.



Altènativ pou Transpò nan Tren Pasaje



Pasaje Liy Oranj k ap deplase anba lavil ta gen avantaj sèvi avèk Tren Pasaje a kòm altènativ, pandan MBTA ap fè yon seri chanjman nan sèvis li, pou adapte avèk chanjman nan wout yo.



Sèl sa yon pasaje gen pou fè, se montre chofè a CharlieCard oswa CharlieTicket li pou monte abò Tren Pasaje nan Zòn 1A, 1, ak 2 sou TOUT liy Tren Pasaje yo san peye.



Estasyon Liy Oranj ki genyen Konnekson avèk Tren Pasaje

Forest Hills


Ruggles

Back Bay

North Station

Malden Center

Oak Grove





Ogmantasyon nan Sèvis Tren Pasaje



Kote Sid (South Side) : Tren Pasaje nan Needham ak Providence Line yo pral rete nan Hyde Park, Forest Hills, Ruggles, Back Bay, ak South Station.

Kote Nò (North Side) : Tren Pasaje nan Haverhill Line yo pral rete nan Oak Grove, Malden Center, ak North Station.

Tan ki Prevwa pou Deplasman yo :


(Sèvis Altènativ pou Tren Pasaje)

KOTE SID (South Side) : (pou ale nan South Station)	KOTE NÒ (North Side) : (pou ale nan North Station)
Soti nan Hyde Park – 23 Minit	Soti nan Oak Grove – 19 Minit
Soti nan Forest Hills – 16 Minit	Soti nan Malden Center – 16 Minit
Soti nan Ruggles – 10 Minit	-

Pou wè tout orè yo :

Haverhill Line (Northside)

Hyde Park – Forest Hills – Ruggles – Back Bay – South Station (Southside)



Pou Bati yon pi bon T. 

Orè Transpò Forest Hills - Ruggles - Back Bay - pou ale nan South Station

Monday to Friday

Inbound to Boston

Monday to Friday

Inbound to Boston

Monday to Friday

Outbound from Boston

Monday to Friday

Monday to Friday
Outbound from Boston

Weekend

Inbound to Boston

1

 **Times in blue** with "L" indicate an early departure:
The train may leave ahead of schedule at these stops.



 **Bikes:** Bicycles are allowed on trains with the bicycle symbol shown below the train number.



 High level platform and bridge plate available.
Visit mbta.com/accessibility for more information.



 Massachusetts Bay
Transportation Authority



Visit
MBTA.com



A small black square icon containing a white telephone handset symbol.



Follow
@MRTA_CB



Download the
mTicket App



OrèTranspò Haverhill pou ale nan North Station

MBTA ap fè yon seri chanjman nan sèvis li pou adapte avèk chanjman nan wout yo.

Monday to Friday

Inbound to Boston		AM												PM											
ZONE	STATION	Train No.	280	200	202	282	204	284	206	286	208	288	210	290	212	292	214	294	216	218	296	298	220	222	224
1A	Oak Grove		5:35	6:20	7:05	7:50	-	8:35	9:20	f 10:05	f 10:50	f 11:35	f 12:20	f 1:05	f 1:50	f 2:35	f 3:20	f 4:05	f 4:50	-	f 6:20	f 7:05	f 7:50	f 9:05	f 10:19
1A	Malden Center	L 5:38	L 6:23	L 7:08	L 7:53	-	L 8:38	L 9:23	L 10:08	L 10:53	L 11:38	L 12:23	L 1:08	L 1:53	L 2:38	L 3:23	L 4:08	L 4:53	-	L 6:23	L 7:08	L 7:53	L 9:08	L 10:22	
1A	North Station		5:52	6:39	7:24	8:08	8:23	8:53	9:38	10:22	11:07	11:52	12:37	1:22	2:07	2:52	3:37	4:22	5:07	6:17	6:37	7:22	8:07	9:22	10:36

Monday to Friday

Outbound from Boston		AM												PM											
ZONE	STATION	Train No.	201	281	283	203	285	205	287	207	289	209	291	211	293	213	215	295	217	297	219	221	223	225	
1A	North Station		5:55	6:40	7:25	8:10	8:55	9:40	10:25	11:10	11:55	12:40	1:25	2:10	2:55	3:40	4:25	5:10	5:40	5:55	6:40	7:55	9:35	10:55	
1A	Malden Center	f 6:06	f 6:51	f 7:36	f 8:21	f 9:06	f 9:51	f 10:36	f 11:21	f 12:06	f 12:51	f 1:36	f 2:21	f 3:06	3:51	4:36	5:21	-	6:06	6:51	f 8:06	f 9:46	f 11:06		
1A	Oak Grove	f 6:08	f 6:53	f 7:38	f 8:23	f 9:08	f 9:53	f 10:38	f 11:23	f 12:08	f 12:53	f 1:38	f 2:23	f 3:08	3:53	4:38	5:23	-	6:08	6:53	f 8:08	f 9:48	f 11:08		

Weekend

Inbound to Boston		AM						PM						Outbound from Boston		AM						PM						
ZONE	STATION	Saturday Train No.	1200	1202	1204	1206	1208	1210	1212	1214	Sunday Train No.	2200	2202	2204	2206	2208	2210	2212	2214	Saturday Train No.	1201	1203	1205	1207	1209	1211	1213	1215
1A	Oak Grove		f 6:27	f 9:27	f 11:27	f 1:27	f 3:27	f 5:27	f 7:27	f 10:27	Sunday Train No.	2200	2202	2204	2206	2208	2210	2212	2214	Saturday Train No.	1201	1203	1205	1207	1209	1211	1213	1215
1A	Malden Center	L 6:30	L 9:30	L 11:30	L 1:30	L 3:30	L 5:30	L 7:30	L 10:30										1A	North Station								
1A	North Station		6:43	9:43	11:43	1:43	3:43	5:43	7:43	10:43									1A	Malden Center								

Sonje Byen :

Orè sa a pral anvièg ant 13 out ak 13 septanm 2022.
Tren Haverhill Line yo pral fè estasyonnman siplemente
nan Oak Grove pou facilite pasaje Liy Oranj ki sibi
konsekans divèsyon wout otobis ant Forest Hills ak Oak
Grove.

Orè regilye pou sezon Prentan ak Ete pral rekòmanse
nan dat 15 septanm 2022.



Lè an **volèt** avèk "f" yo vle di se yon etap
pou rete : Pasaje yo dive di chofè a lè yo ta vle
ale. Pasaje ki vle monte abò yo dwe rete vizib
sou platfòm lan, pou fè tren an kanpe pou yo.



Lè an **ble** avèk "L" yo vle di yo pral derape
anvan lè : Tren an ka derape anvan lè, nan
pwem estasyonnman sa yo.



Bisiklèt : Bisiklèt otorize nan tren ki genyen senbòl
bisiklèt la anba nimewo tren an.



Genyen platfòm wo nivo ak planche pou transfè.
Gade nan mbta.com/accessibility pou pls
enfòmasyon.





Rete Konnekte

MBTA ap fè yon seri chanjman nan sèvis li pou adapte avèk chanjman nan wout yo.

Pou konnen dènye enfòmasyon ki genyen sou sèvis yo, ansanm ak dènye nouvèl yo, ak lòt bagay ankò, swiv MBTA sou rezo sosyal yo.



[@MBTA](#)



[/TheMBTA](#)



[@thembta](#)



[/MBTAGM](#)



[@thembta](#)



Pou Bati yon pi bon T. 